# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI TARIYXI HÁM MÁDENIYATI MÁMLEKETLIK MUZEYI FONDINDAǴI QALLI AYIMBETOV PORTRETI: SÚWRETSHI HÁM ILIMPAZ IDEALI

**Ayımbetov Allambergen Maxset ulı,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası tariyx hám mádeniyat mámleketlik muzeyiniń jetekshi ilimiy xızmetkeri,*
*Orta Aziya xalıqaralıq universitetiniń magistrantı*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.19604262

***Annotaciya.*** *Maqalada qaraqalpaq folklor tanıw iliminiń tiykarın salıwshısı, kórnekli ilimpaz Qallı Ayımbetovtıń súwretlew ónerindegi obrazı izertlengen. Avtor P. Balabanov (1976.) hám M. Qudaybergenov (2004.) tárepinen jaratılǵan portretlerdi salıstırmalı túrde analizlep mazmunıń ashıp beredi. Shıǵarmadaǵı klassikalıq realizm hám psixologiyalıq dinamika, sonday-aq detallar simvolikası ilimiy tiykarda tallanǵan. Maqalada portret janrınıń tariyxıy yadtı saqlawdaǵı roli hám jas áwladtı tárbiyalawdaǵı áhmiyeti ayrıqsha atap ótilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaq folklorı, tariyxıy yad, muzey eksponatı, súwretlew óneri, intellektual tulǵa, kórkemlik koncepciya.*

***Annotation.*** *The article examines the image of Qalli Ayimbetov, the founder of Karakalpak folklore studies and a prominent scholar, in the visual arts. The author comparatively analyzes the portraits created by P. Balabanov (1976) and M. Kudaybergenov (2004), revealing the visual interpretation of the scholar's personality. Classical realism and psychological dynamics in the works, as well as the symbolism of details, are analyzed on a scientific basis. The article emphasizes the role of the portrait genre in preserving historical memory and its importance in educating the younger generation.*

***Keywords:*** *Portrait genre, Karakalpak folklore, historical memory, museum exhibit, fine arts, intellectual figure, artistic concept.*

Waqtı-waqtı menen ótmishke názer taslap turıw — hár birimizdiń insanıylıq wazıypamız. Sebebi óz tariyxın bilmegen, ózinen aldın jasap ótken tulǵalardı yad etpegen xalıqtıń keleshegi de, esteligi de óship qalıwı múmkin. Bul haqıyqattıń tiykarında biziń maqalamızdıń bas qaharmanı — Qallı Ayımbetovtıń (1908-1973) tulǵası hám onıń basıp ótken ibratlı jolı tur. Qallı Ayımbetov — qaraqalpaq mádeniyatı, folklorı, etnografiyası hám dramaturgiyasın izertlewde óshpes iz qaldırǵan úlken ilimpaz. Onıń "Xalıq danalıǵı" atlı miyneti hám basqa da ilimiy izertlewleri búgingi kúnde de óziniń áhmiyetin joyıtpaǵan biybaha ruwxıy baylıq esaplanadı. Ótmishtegi usınday sawaplı islerdi dawam ettirip, ullılardan sabaq alǵan insan ǵana hámiyshe baxıtlı ómir súredi. Solay eken, jas áwladtıń bul tariyxıy haqıyqattı hár dayım yadında tutıwı júdá áhmiyetli. M. Qudaybergenov dóretken portret te bizge usı tariyxıy qádiriyatlardı, ilimpazdıń insan shaxsı sıpatındaǵı esletip turıwshı biybaha baǵdar bolıp xızmet etedi. Bunday shıǵarmalar kórkem estetikalıq wazıypa menen birge jámiyette intellektuallıq miynettiń qadirin belgilewshi hújjetli-tariyxıy missiyanı da atqaradı. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyinde saqlanıp atırǵan, xudojnik M. Qudaybergenov tárepinen

islengen Qallı Ayımbetovtıń portreti usı baǵdardaǵı ayrıqsha úlgilerden bolıp xızmet etedı.

Qaraqalpaq folklor iliminiń tiykarın salıwshısı Q. Ayımbetovtıń kelbeti súwretlew ónerinde ózine tán koncepciya tiykarında biybaha miyras bolıp izertlengen. Bul obrazdıń qáliplesiw tariyxı – xalqımızdıń tariyxı hám milliyligin qásterlewge baǵıshlanǵan úlken bir dóretiwshilik jol. [2, B.28]

Q. Ayımbetov obrazına arnalǵan portretıń tariyxı 1976-jıldan baslanadı. Sol dáwirde alımnıń ulı Maxset Ayımbetov Tashkentte oqıp júrgen gezlerinde belgili rus xudojnigi Petr Nikolaevich Balabanovqa akesınıń portretin saldırǵan edi. P. Balabanov óz isine kásiplik sheberlik penen jantasıp, alımnıń sırtqı kelbeti menen onıń ishki ruwxıy dúnyasın sáwlelendiriwge erisken. Bul shıǵarma klassikalıq realizm usılında salınıp, alımnıń obrazın máńgilestirgen tariyxıy hújjet sıpatında bahalandı. Bul portret keyin ala basqa da qaraqalpaq xudojnikleri ushın óshpes úlgi bolıp xızmet etti. Máselen, Qanlıkól rayonındaǵı Q. Ayımbetov atındaǵı mektepte saqlanıp kiyatirǵan portret te usı kartinanıń dáslepki variantına tiykarlanǵan. Bunday klassikalıq úlgiler Ájiniyaz atındaǵı Pedagogikalıq institutı hám Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyindegi biybaha shıǵarmalarda óz sáwleleniwin tapqan.

2004-jılı xudojnik M. Qudaybergenov bul klassikalıq úlgige jańasha ruwx berdi Onıń portreti P. Balabanov variantına tiykarlansa da, bul jay ǵana mexanikalıq kóshirme emes, al avtordıń óz kózqarası menen bayıtılǵan original dóretpe edi. Súwretlew ónerinde ilimpaz obrazın ishki dúnyasın hám intellektual potencialın ashıp beriwge erse alǵan. Avtorlar tárepinen jaratılǵan portretlerdi salıstırmalı túrde analizlep shıqqanda, bul shıǵarmalar alımnıń ishki obrazı, emociyaları hám ruwxıy dunyası aldıńǵı planǵa shıqqanıń kóremiz. Súwret fonındaǵı kitap polkaları bolsa alımnıń folklor mektebi ushın yad ekenligin ańlatıwshı hám izertlewshisine tán xızmet etiwshi simvolikaliq "kodlar" bolıp kórinedi. Eki portrette de eń dáslep kózge taslanatuǵın hám obrazdıń oraylıq mánisin belgileytuǵın detal — bul alımnıń jazıq mańlayı. Kórkem óner tilinde bul tek fizikalıq kórinis emes, bálkim alımnıń úlken aqıl-oy iyesi, tereń bilimlendiriwshi hám milliy folklor menen etnografiyanıń sheksiz qatlamların ózinde jámlestirgen danıshpan ekenliginiń belgisi retinde sáwelelengen. Stol ústindegi «Ótken kúnlerden elesler» atlı kitabı, qoljazbaları hám qálemi — bul alımnıń pútkil ómiriniń mánisin ańlatıwshı tereń pikir júrgiziwshi insan retinde súwretlegen. P. Balabanovtıń jumısında jıllı reńler menen nurlandırılıp, alımnıń mánawiyatqa tolı ishki dúnyasın ashıp berse, M. Qudaybergenovtıń interpretaciyasında bul detaldıń geometriyalıq anıqlıǵı hám keskinligi alımnıń tawsılmas logikasın hám tariyxıy haqıyqatlıqtı saqlawdaǵı qatańlıqın kórsetedi. Al súwretshilerdiń reńler menen islesiw usılı shıǵarmalardıń estetikalıq funkciyasın eki túrli baǵdarǵa buradı. P. Balabanov qalıń boyaw qatlamların qollaǵan; bul reńler tamashagóyde Qallı Ayımbetovqa degen jaqınlıq, húrmet hám mánawiy tınıshlıq sezimin oyatadı. M. Qudaybergenov bolsa zamanagóy hám anıq boyawlarǵa súyenip, sızıqlardıń anıqlıǵın arttırǵan; bul alımnıń obrazın joqarı dárejeli kórsetiwge xızmet

etedi. Bul obrazdıń ishki jaǵdayı bolsa P. Balabanovtıń miynetinde Q. Ayımbetovtıń júzinde sabırlı oylanıw ilimpazdıń mánisli ómir jolın hám ishki tınıshlıǵın kórsetedi. Al, Qudaybergenovtıń portretinde biz qatań psixologiyalıq portretti kóremiz; bunda kózqarastıń talapshańlıǵı hám alımnıń ilimiy gúreslerge tolı ómirin hám ózine tán xarakterin kórsetedi. Bul qatańlıq — alımnıń óz miynetine hám milliy tariyxqa degen juwapkershiliginiń belgisi boladı. Al ideologiyalıq-siyasiy mánis hám milliy ruwxta eki súwretshi de Q. Ayımbetovtıń ózgeshe siyasiy sistemalar hám ózgeshe ideologiyalıq dáwirlerde jasaǵanına qaramastan, onıń moynındaǵı milliy ruwxın saqlap qala alǵan. P. Balabanovtıń ideologiyalıq kózqarası sol dawirdin ziyalısınıń mádeniy kórinisin sawlelendirse, M. Qudaybergenovtıń jumısı ǵárezsizlik dáwiriniń sawlelendiredi. Súwretshilerdiń bul kórkemlik sheshimleri alımnıń obrazın qanday dáwir bolıwına qaramastan xalıq mánawiyatınıń óshpes shıraǵı ekenligin joqarı dárejede dálillep beredi.

Bul kórkem dástúr búgingi kúni Qanlıkól rayonında jańasha kórinis taptı. Q. Ayımbetov atındaǵı mekteptiń 2005-jılı pitkergen oqıwshıları úlken baslama kóterdi. Olar ózleriniń oqıwdı tamamlaǵanına 20 jıl tolıwı múnásibeti menen, mekteptegi sol tariyxıy portretti negiz etip alıp, músinshi Ájiniyaz Qudaybergenovǵa alımnıń byustin soǵıwǵa tapsırma aladı. Músinshi Á. Qudaybergenov jaratqan bul byust portrettegi estetikalıq funkciyanı saqlaǵan halda, alımnıń intellektuallıq kórinisin janlandırdı. Bul dóretpe ideologiyalıq hám mánawiy mazmunǵa iye bolıp, mektep pitkeriwshileriniń óz tariyxına bolǵan húrmetiniń simvolına aylandı. Usılayınsha, P. Balabanovtıń qáleminen baslanǵan obraz búgingi kúni oqıwshılardıń baslaması menen mektep baǵında máńgilikke boy kóterdi.

Solay etip, P.N. Balabanov hám M. Qudaybergenov tárepinen islengen Qallı Ayımbetov portreti ózinde kórkemlik, simvolikalıq baylıq hám hújjetlilikti jámlegen áhmiyetli eksponat bolıp esaplanadı. Onı konferenciyalar hám ilimiy izertlewler sheńberinde úyreniw portret janrınıń muzey ámeliyatındaǵı, belgili ilim ǵayratkerleriniń esteligin saqlawdaǵı rolin tereńirek túsiniwge xızmet etedi. Muzeyde jaylasqan M. Qudaybergenovtıń bul miyneti XX ásir qaraqalpaq ilimiy ziyalılarınıń obrazın saqlawshı biybaha kartina bolıp qaladı. Biz ushın bul ilimge baǵıshlanǵan ómiriniń hám áwladlar arasındaǵı ruwxıy baylanısınıń, ótmish penen búgingi kúndi jalǵap turǵan úzilmes altın kópir ekenin kórsetiw. Ol keleshek áwladtı ilimge, mádeniyatqa hám tariyxıy tulǵalardı qádirlewge tárbiyalaw sózsiz.

**Paydalanılǵan derekler:**

1. Ayımbetov K. "Otken kúnlerden elesler" («Ne zabıtoe iz projitogo»). - Nukus: «Karakalpakstan», 1972.
2. Ayımbetov A.M. "Milliylikti qásterlewge baǵıshlanǵan ómir". – Nókis: Nur turan print, 2024.
3. Ayımbetovlar shańaraǵınıń jeke arxivinen alınǵan materiallar: Súwretshi P. Balabanov tárepinen sızılǵan Qallı Ayımbetovanıń portreti (1976-j.).
4. Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi arxiv materialları: Súwretshi M. Qudaybergenov tárepinen sızılǵan portret (2004-j.).